



Department of Health
& Mental Hygiene

Department of
Education

10 me 2020

Chè Paran/Responsab,

Mèsi dèske ou mete pitit ou a(yo) nan youn nan Sant rejyonal pou ranfòsman (Regional Enrichment Centers, REC) yo. Sante ak sekirite se premye priyorite nou, epi Depatman Sante ak Ijyèn mantal Vil Nouyòk (Depatman sante) ak Depatman edikasyon (DOE) kontinye travay ansanm pou kenbe elèv, fanmi ak manm estaf vil la ansekirite, ansante ak enfòmè pandan epidemi viris coronavirus la COVID-19 la ap evolye.

Depatman sante Vil Nouyòk aktyèlman ap envestige sou ka Sendwòm enflamatwa multi-sistèm pedyatrik (Pediatric Multi-System Inflammatory Syndrome), oswa PMIS, yon nouvo kondisyon sante ki parèt nan timoun nan Vil Nouyòk ak lòt kote. Depatman sante Vil Nouyòk ap envestige tou sou asosyasyon posib ant PMIS ak COVID-19 nan timoun. Gen kèk doktè ki panse kondisyon an gen rapò avèk lè w gen COVID-19, men koneksyon an toujou poko klè.

PMIS se yon kondisyon ra ki pa kontajye. Sepandan, piske l mete vi timoun an danje, li enpòtan pou konnen siy yo. Pifò timoun gen yon lafyèv cho, pèsistan, ki dire plizyè jou, ansanm avèk lòt sentòm, tankou:

- Iritabilite oswa mank enèji
- Vant fè mal san lòt eksplikasyon
- Dyare
- Vomisman
- Gratèl
- Konjonktivit, oswa je dradran
- Gwo gland yon bò kou
- Bouch wouj, krake oswa lang wouj ki sanble yon frèz
- Men ak pye anfle ki ka wouj tou

Ou sipoze rele doktè w si pitit ou tonbe malad epi gen yon lafyèv san rete. Doktè w la ap poze w kesyon sou sentòm pitit ou a epi l ap itilize enfòmasyon ou ba li pou rekòmande pwochen etap yo. Si pitit ou a malad grav, ou sipoze ale nan saldjans ki pi pre w la oswa rele 911 imedyatman.

Byenke nou poko konnen si PMIS gen rapò avèk COVID-19, n ap kontinye pran tout prekosyon posib pou anpeche pitit ou ekspozé nan COVID-19 pandan yo nan yon REC. REC ou a ap bay mask, ke tout moun ki nan REC yo dwe mete, ladan timoun yo tou. Elèv ak anplwaye yo dwe kontinye pratike bon ijyèn men ak distans fizik tou. Anplwaye yo pral ede anseye ak ranfòse abitud sa yo pou tout moun.

Timoun ki gen kondisyon medikal kwonik kapab nan pi gwo risk pou viktim COVID-19 epi yo ta dwe pran swen espesyal pou respekte mezi prevansyon yo.

Sante ak sekirite kominote nou yo rete pi gwo priyorite nou, epi nou pral kontinye suiv tout konsèy ak pran tout mezi apwopriye pou ede kenbe elèv, fanmi, ak manm pèsònèl nou yo an sekirite.

Tanpri pa ezite kontakte sipèvizè lokal REC ou a si w gen nenpòt kesyon.

Avèk senserite,



Richard Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon



Oxiris Barbot, MD
Komisè
Depatman Sante ak Ijyèn Mantal

Depatman sante NYC ka chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.
5.10.2020